

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

KIYÈS KI TE PYÈ MICHÈL? OTÈ : PATRICK CHÉRY

Jodi jou, ki 25 me 2024 la, Pyè Michèl pa la pou li ta viv sware lomeyans sa a, Sosyete Koukouy seksyon Kanada ap ba li pou montre respè nou gen pou li nan kontribisyon li pote pou konstriksyon yon lòt Ayiti. Nan non fanmi an ak nan non 2 pitit li yo, Ludmilla ak Nathalie, nou ap di Sosyete Koukouy seksyon Kanada mèsi pou lonè sa a li ap bay Pyè Michèl. Pale de Pyè Michèl se wè Frè a, Papa a, Enfòmatisyen an, Ekriyen an, Konbatan pou chanjman, Konbatan pou yon lòt Ayiti.

Pale de Pyè Michèl, se pale de yon frè ki te toujou la, pre pou li ede, yon frè, ki te toujou pran ak kè pwoblèm lòt moun. Se yon moun ki te konn pran tan li pou li koute moun e ki te toujou gen anpil pawòl ankourajman pou li di tout moun avèk lide pou li esprime solidarite li. Se te yon papa ki toujou la pou pitit li. Li te pran responsablite papa li ak tout kè li e li te gen anpil respè pou mandanm li ansanm ak pitit li.

Pale de Pyè Michèl, se pale de yon enfòmatisyen gwo kalib. Li se premye jenerasyon enfòmatisyen pwogramè Ayiti te konnen. Li te travay anpil sou fason peyi a ka amelyore jesyon nan antrepriz nou yo. Mwen te asiste li, nan moman li te ap ekri yon pwogram ki rele Kameleyon. Se yon pwogram ki te kapab rantrè an konpetisyon avèk nenpòt ki lòt pwogram jesyon ki te genyen nan momn lan.

Pyè Michèl te yon militan konbatan, ki te gen konviksyon nan sa li kwè ki ap bon pou peyi li. Li t ap lite pou Ayiti kanpe doubout jan papa Dessalines te toujou vle li a. Men, rev sa a, Pyè Michèl pa te gen wè li.

Lòt konba li te menmen ak tout nanm li, se te pou lang kreyòl la jwenn plas li merite nan peyi nou, Ayiti. Li te fyè anpil de travay li mennen ak lòt kamarad li yo nan akademi kreyòl la. Se pou sa, li te bay pwodiksyon tèks kreyòl li yo anpil priyorite nan dènye ane vi li.

Nan tout tèks li se rev li, kouman li t konprann sosyete ak a ki te ap pase, kote li te vle yon lòt Ayiti. Li tap batay pou yon sosyete kote, ki gen jistis, epi tout moun ap respekte dwa sila yo ki pi fèb yo. Se yon konba pou Ayiti kanpe doubout pou pitit tè a jwenn yon meyè avni, travay, swen sante, ledikasyon, elatriye. Lòt Ayiti sa a, li pa gentan wè li. Men, li ap kontan konnen jenerasyon ki nan wout ap vini yo pral kontinye lit la pou yon chanjman total nan peyi nou, Ayiti.

Lomeynas pou Pierre-Michel Chéry : Yon ekriyen epi defansè kilti ayisyen an Yon aktivite Sosyete Koukouy seksyon Kanada

REPÒTAJ : Henri-Robert Durandisse Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj) powèt / ekriyen Manm Sosyete Koukouy seksyon Kanada

Pierre-Michel Chéry, fèt Senmichel, nan sid peyi Ayiti, nan ane 1956. Li travèse lento lavi jodi a, ki se 25 me 2024. Misye te enfòmatisyen, jesyonè, ekriyen ayisyen. Misye te an menm tan yonn nan manm fondatè Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA).

Jodi 25 me 2024 la, nou te kontre pou nou lomeyanse Pierre Michel Chéry. Se yon sware ki te mache nan nanm tout moun ki te prezan sou zoum lan. Se yon sware pyès moun poko prèt pou yo bliye. Se te yon veritab fèt pou nou selebre atizay, lakilti epi literati ayisyen, ki te dewoule sou zoum lan anba direksyon Sosyete Koukouy seksyon Kanada.

Aktivite sila a, ki te yon lomeyans pou ekriyen, pwofesè Pierre Michel Chéry, te rasanble plis pase swasant moun, paske genyen kay, kote ki te genyen plizyè moun devan ekran an. Pami moun sa yo te genyen lengwis kou Renaud Govain, akademisyen kou Rogeda Dorcé Dorcil, Rosilia François Corneille, Rachelle Doucet, pwofesè alaretrèt kou Lionel Hugu, ekriyen kou Maude Heurtelou avèk anpil lòt pasyone lakilti sou tè Ayiti kou nan dyaspora a. Se te yon sware, kote richès patrimwàn kiltirèl ayisyen an te alonè. Se te yon sware ki te alawotè talan epi eritay Pierre Michel Chéry te ap transmèt anndan zèv literè li yo. Se te an menm tan kote tout moun te demontre admirasyon yo pou Pierre Michel Chéry, Pimich pa yo a. Sa te fèt nan respè, lamitye epi yon chay senserite.

Apati 19 è 25 se te chante kiltirèl kou : Sole O, Marasa, Gwo Lwa mwen ki te anvayi platfòm zoum lan. Atis ki te chante chante sa yo se te Chantal Lavigne avèk David Bontemps sou pyano a. Te genyen anpil enèji nan mitan nou, paske chante rasin sa yo te ritme moman an epi yo te al chèche fòs nou genyen anndan nou pou nou te kapab tann mèt seremoni an, Edenne Roc, ki te envite Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn) pou li mete chante tradisyonèl Sosyete Koukouy la : **Men Sosyete Koukouy**, yon chante Kiki Wainwright ekri, li mete mizik sou li epi li chante li. Imedyatman apre chante a, Edenne Roc, te fè saltitasyon izaj yo, li te li pwogram lan epi li te envite Marlène Chouloute-Hyppolite, Prezidan Samedi Littéraire Haïtiano-Canadien pou li louvri avèk yon chante tradisyonèl, ki koreponn jeneralman avèk okazyon espesyal kou lanmò. Nou vle di Wongòl.

Après, se tou Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj), ki te pran lapawòl pou li te anonse fason li te rankontre avèk Pierre Michel Chéry, pwodiksyon literè

Pimich epi nivo koneksyon ideyolojik ki te rasanble yo epi konekte ansanm jouk pou kap panse yo rive pran van nan menm direksyon, sa vle di, travay pou avansman lang kreyòl la nan enterè tout moun anndan peyi a kou nan peyi etranje. Imedyatman apre, se te tou Patrick Chéry, pi jèn frè Pierre Michel la, ki te pran lapawòl pou li te rakonte bonte Pimich, ki te jwe wòl papa li, wòl mari li, epi wòl sitwayen enpekab ki te mete talan li epi tout lanmou li nan sèvis peyi li.

Anfen! Moman tout moun te ap tann lan, entèvansyon panelis yo vin rive. Nan moman an, twa moun ki konpetan nan literati kreyòl Ayiti a te vin pran lapwòl sou twa nan woman Pierre Michel Chéry yo. Moun sa yo se : Jeanie Bogart, Marie Rodny Laurent epi Yvon Lamour. Yo chak te pote pwennvi pa yo sou zèv yo te genyen pou yo analize a. Piblik la te genyen chans tandè Jeanie Bogart sou Bèbè Gòlgota (2008), Marie Rodny Laurent sou Peleren (2014) epi Yvon Lamour sou Senfoni Nago (2012).

Men ki jan Jeanie Bogart te rezime istwa ki nan Bèbè Gòlgota a : Nan liv sa a, otè a te rakonte istwa yon gwoup moun ki te pran kanntè pou yo te ale Miyami. Men, malerezman, sa vin vire mal pou yo. Bato a te fè nofraj, epi moun ki te chape yo, pami yo Janèt avèk yon mesye ki te rele Bèbè, te al trouve yo nan yon prizon Bahamas. Yon pati nan istwa a chita sou lespwa tout moun ki te monte nan bato sa a te ap nourri pandan vwayaj yo. Men, apre yon sejou nan prizon Bahamas, de nan moun sa yo, Janèt epi Bèbè te retounen sou tè Ayiti. Epi defi yo se te fè demach pou yo te bay pitit yo batistè avèk non yo. Kòm Bèbè pa te janm konnen bon non li, defi li se te fè demach, depanse lajan, pou li rive idantifye pwòp tèt li kòm sadwa, pou li kapab bay pitit li fè avèk Janèt la yon idantite ki rele li pa li. Pandan tout dire prezantasyon an, Jeanie Bogart te pran san li pou li demontre divès teknik Pierre Michel te itilize pou li denonse sistèm koripsyon ki genyen nan peyi a epi pou li demontre fòs santiman lanmou ki te genyen nan mitan Janèt avèk Bèbè san otè pa te janm itilize okenn sèn ewotik. Jeanie te fè yon sipèb analiz zèv la.

Dezyèm panelis la, Marie-Rodny Laurent, te prezante nou Peleren, ki se istwa lavi de fanmi, nan mitan yon konpetisyon fewòs, ki pral debouche sou tribilisyon Manman Danyèl epi sè li a, Greta, ki dwe degaje yo jan yon konnen pou yo bay Danyèl lavi. Nan kout kat la, Greta oblije abandone etid li te ap fè nan peyi etranje pou li te vini koyegrafè dans tradisyonèl ayisyen epi manman epi manm li ki se manman Danyèl tou te oblije mete tout responsablite fanmi an sou kote pou li te antreprann yon pelerinaj nan tradisyon natif natal Ayiti a pou li al chèche gerizon pou pitit gason li an. Fason Marie-Rodny rakonte istwa a pèmèt nou dekouvri rapò fòs ki genyen nan relasyon lavi fanm ak gason nan sosyete a. Rapò ant fòs malfektè epi fòs ki la pou pwoteje moun nan sèvi avèk konesans natirèl ki genyen nan peyi a pou yo kontinye fè byen.

Pou nou te fèmen seksyon analiz zèv Pierre Michel Chéry yo, wazyèm panelis la, Yvon Lamour te abòde Senfoni Nago. Li te panche prensipalman sou fason Pierre Michel Chéry te itilize rakontay (*récit*) pou li apante divès aspè nan dinamik sosyete Ayiti a ansanm avèk eleman politik li yo. Yvon te fè nou wè akèl abilite Pimich genyen pou li kapte tout kompleksite ki genyen sou teren an. Pafwa Yvon te deklete teknik otè a te itilize apati chwa non pèsonaj nan istwa a pou li te demontre ki gwoup moun ki ap simen latwoublay nan peyi a.

Yvon te fè nou reviv fason yon sektè nan sosyete a aji avèk pitit fi yo pou yo kenbe epi kontwòle pouwva yo sou teren an. Nan Senfoni Nago, genyen yon fanm ki rive leve 2 pitit gason li yo pou kont li, men kondisyon lavi a te voye li sou lagraba jouk li te rive pèdi tèt li. Sepandan, malgre li te pèdi tèt li, li te toujou rete yon limyè pou pitit gason li an Grèg, fòs dappiyanp yo nan sosyete a te klete, malgre konpetans li, pou li pa janm jwenn travay nan Leta. Rive nan lpwen sa a, otè Senfoni Nago a te demontre, afwon pa fè ou fè pitit. Li fè ou genyen pa ou. Toumant Grèg nan sosyete Pòtoprens lan te mennen li echeye kay fanmi manman li yo byen lwen kapital la pou li te al devlope yon machin pou li ede peyizan yo devlope agrikilti nan zòn yo a.

Pandan sware a, Sosyete Koukouy seksyon Kanada anonse, pou li onore memwa ekriyen Pierre Michel Chéry, gwoup literè a pran angajman pou li konpile tout prezantasyon ki fèt aswè a ansanm avèk analiz nou pa tandè aswè a pou li fè yon liv kolektif ki ap rele : Sou Tras Pierre Michel Chéry. Poudayè, panelis yo, ki prezan aswè a, deja aksepte pou yo patisipe nan pwòje a avèk zèv yo. Pwòje sila a, se yon lide orijinal Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn) te pote sou tab travay nou.

Alaverite, evennman 25 me 2024 la te plis pase yon lomeyans pou Pierre Michel Chéry. Se te yon moman kote moun ki te la yo te demontre amoni yo genyen avèk Pimich epi rekonesans yo pou Pierre Michel. Kòm manm Sosyete Koukouy seksyon Kanada noumenm tou, nou pataje menm santiman sila yo. Nou te santi nou fyè dèske nou te genyen chans kontre yon imanis nan kalib Pierre Michel Chéry pou klere wout nou.

Sosyete Koukouy seksyon Kanada voye yon bèl grap remèsiman pou tout moun ki te kole zèpòl avèk nou pou Lomeyans nou te prepare pou Pierre Michel Chéry a te vini yon reyalite. San prezans yo, sware sila a, rankont sila a pa ta fouti rantrè nan memwa literè nou kòm gwoup literè epi atistik.

Nan moman dèy sila a, nou voye kondoleyans nou pou pitit fi Pierre Michel Chéry yo Ludmilla Chéry epi

Nathalie Chéry, frè li yo, an patikilye Patrick Chéry, sè li a Marie-Alice Chéry, ki ap viv nan lakou Ottawa. Kondoleyans nou al jwenn frè Pierre Michel yo tou ki ap viv sou tè Ayiti ansanm avèk tout kòt fanmi epi zanmi Pimich yo. Nou voye kondoleyans nou pou manm Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) ki pèdi yon potò mitan.

Se avèk kè sere nou ap di Pierre Michel Chéry bon vwayaj sou wout li nan peyi san chapo. Eritaj literè li kite pou sosyete Ayiti a ap kontinye enspire epi pote lespri nou tout pi wo, pi plis pou tout tan gen tan.

YON PAWÒL ESPESYAL POU PIERRE MICHEL CHÉRY OTÈ: MICHEL-ANGE HYPPOLITE

Nan lavi toujou gen separasyon. Yonn ladann yo se separasyon pou letènite. Malgre tout prekosyon nou pran pou nou manbre lespri nou, lanmò toujou rive sou nou avèk yon efè kou siprann. Se anba sekous kou siprann sa a, nou reyini isit la jodi a, pou nou di Pierre Michel Chéry mèsi pou tout bèl aksyon li te konn akonpli nan vivan li yo. Se sèten, nou chak genyen pawòl pa nou, pou nou onore memwa Pimich. Nan sans sa a, Komisyon Literati ak Kilti pral pataje avèk nou kèk pawòl, sou kalite moun Pierre Michel Chéry te ye, eritaj li kite pou nasyon an sou plan literè ansanm avèk aksyon li kòm sitwayen modèl.

Chak fwa nou nonmen non Pierre Michel Chéry, se konviksyon, detèminasyon, pasyon epi lanmou pou lavi, pou moun, pou peyi a, ki fè rimay anba pòpyè nou.

Lè nou di Pierre Michel Chéry, se yon **Atibon Legba**, ki pran anpil risk nan lavi li, ki kanpe nan baryè lespri nou. Lè nou di risk, nou wè Pierre Michel manm gwoup politik ki te rele KID la, nou wè Pimich ki ap distribye jounal klandesten, ki te rele kawotchou, nou wè Pimich, ap mande jistis pou pèp la, nan yon epòk, kote kalite aktivite sa yo te ilegal epi yo te menm make san.

Lè kanmarad nou, Pierre Michel Chéry, vizite panse nou, se yon travay san parèy, ki ap pase devan je nou, yon **Papè chay**, nan fason pa li, paske nuit blanch pa te janm fè li pè. Abitid pase nuit, nan veye kouran pou li travay, oswa pou li respekte echeyans li toujou bay tèt li, konn lakòz li di alablag : « Yèswa, mwen pase pi fò nuit lan san dòmi. Antouka, si dòmi te bay anpil moun ta rich. »

Pimich te gen abitid pase nuit blanch pou li pote chay travay, ki twò lou pou anpil nan nou.

Aaa!!! Ala bon ou te bon, Pimich!

Se toujou avèk menm foul enèji san limit sa a, Pierre Michel Chéry te gen abitid pote kolaborasyon li nan Revi Literè Sosyete Koukouy, ki rele Pawòl kreyòl, premye revu literè nan lang kreyòl ayisyen an. Se tankou sa pa te ase, tanzantan, li te ankouraje jenn inivèsité UEH yo vin kolabore avèk Sosyete Koukouy. Kidonk, Pimich te jwenn espas pou li klere nan fè nwa, epi li te konnen pou li pataje espas sila a avèk entansyon pou li te ede prepare larelev.

Nan komite pou Tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an, Pierre Michel Chéry te pami moun, ki te konprann nesosite pou espas Akademi Kreyòl Ayisyen an te kreye plas pou tout pitit Ayiti, kèlkeswa vil oswa peyi kote yo ap viv la.

Mèsi Pimich pou kalite klèwayans sa a.

Nan travay nou avèk Pimich, nou kontre avèk eritay zansèt Lafrik yo. Se kon sa, li te toujou kanpe dyanm pou li defann prezans fonèm /oun/ an nan òtograf ofisyèl la. Nan sans sa a, li te ap rapousuiv, anndan AKA, travay mentò li, Emile Célestin Mégie- Togiram.

Pou Pimich mennen balon eritay Lafrik la pi fon nan kan lang ak literati kreyòl ayisyen an, li te rantrè lang lafrik nan yonn zèv literè li yo, nou vle di **Dogid Atisou**, JEBCA (2018). Nan sans sa a, Pimich se yon vrè dogid. Sa vle di, yon vrè chèf.

Nou pa ta fouti mete yon bouchon sou pawòl nou jodi a san nou pa di de mo sou yonn nan atik Pimich ekri yo : **12 Prensip Bwakayiman**. An nou koute Pimich:

Prensip 1 «Tout moun se moun, pa gen moun pase moun.»
Prensip 2 «Tout moun genyen plas yo anba syèl ble a.»
Pawòl sa yo, se pawòl ki demontre nou puisans sansibilite mounite Pimich, ansanm avèk vizyon li pou byennèt moun nan peyi a.

Anvan nou ale, nou ap jete 3 gout dlo pou nou salye vwayaj Pimich, nan peyi san chapo. Epitou, Pimich, nou angaje nou pou nou fè eritaj literè ou viv tout tan gen tan.

Mil mèsi Pimich. Bon vwayaj Frè. Yon jou ki va jou, nou va kontre sou chemen letènite.

« Wongòl o ou ale

Ki lè ou a vini wè n ankò

Ou ale »

*Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj)
Manm Sosyete Koukouy seksyon Kanada*

SIS NAN 12 PRENSIP BWA KAYIMAN YO OTÈ PIERRE MICHEL CHÉRY

- 1- Tout moun se moun. Pa gen moun pase moun.
- 2- Tout moun gen plas yo anba syèl ble a.
- 3- Si gen pou yonn gen pou de. Sonje moun ki dèyè.
- 4- Chak moun gen fason pa li pou li lapriyè. Respekte fason chak moun lapriyè.
- 5- Sa nou pa konnen pi gran pase nou.
- 6- Nanpwen anyen nan lavi ki pa gen regleman.